

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Méthode jeung Desain Panalungtikan

3.1.1 Méthode Panalungtikan

Dumasar kana masalah jeung tujuan anu hayang dihontal ku panalungtik, dina ieu panalungtikan ngagunakeun méthode kuasi ékspérimén. Suyatna (2002: 17) nétélakeun yén “méthode kuasi ékspérimén nya éta hiji méthode panalungtikan anu nyokot sabagian variabel, sabab teu mungkin pikeun nyokot sakabéh variabel anu tujuanana pikeun meunangkeun tapsiran tina informasi anu kacangking kalawan maké méthodé ékspérimén.” Dimana ngayakeun percobaan pikeun ningali lkalungguhan kausal antara variabel-variabel anu ditalungtik. Méthode ieu digunakeun pikeun ngukur jeung ngabandingkeun ngaronjatna kamampuh nyarita dongéng(ngadongéng) siswa kelas XI SMA Pasundan 1 Bandung saméméh jeung sabada ngagunakeun méthode *sugestopedia*.

3.1.2 Desain Panalungtikan

Panalungtikan ieu ngagunakeun desain *One-group pratést and posttest design*. Desain ieu leuwih dipikiwanoh salaku desain saméméh jeung sabada kalawan struktur desain saperti ieu di handap:

O1 X O2

X nya éta perlakuan anu dilakukeun tur ditingali pangaruhna dina éta ékspérimén. Perlakuan nu dimaksud nya éta méthode *sugestopedia*. O1 nya éta tés atawa observasi anu dilaksanakeun saméméh *perlakuan* dilumangsungkeun, sedengkeun O2 nya éta tés atawa observasi anu dilaksanakeun sabada *perlakuan*

dilumangsungkeun. Pangaruh *perlakuan* X bisa dipikanyaho kalawan ngabandingkeun antara hasil O1 jeung O2 dina situasi anu kakontrol. (Arifin, 2011: 77).

3.2 Variabel jeung Wangenan Oprasional

3.2.1 Variabel

Variabel nya éta objék panalungtikan atawa naon-naon anu jadi puseur perhatian dina hiji panalungtikan. (Arikunto, 2006: 116). Arikunto nétélakeun yén dina panalungtikan anu maluruh salasahiji perlakuan (treatment) aya anu disebut variabel bébas (*independent variabel*) jeung aya ogé variabel terikat/kauger (*dependent variabel*).

Dumasar kana pamadegan Arikunto anu diébréhkeun, anu jadi variabel bébas dina ieu panalungtikan nya métode sugestopedia salaku faktor anu mangaruhan, sedengkeun variabel kaugerna nya éta kamampuh siswa kelas XI SMA Pasundan 1 Bandung taun ajaran 2011/2012 dina pangajaran nyarita dongéng.

3.2.2 Wangenan Operasional

Sangkan teu nimbulkeun salah tafsir, istilah dina ieu panalungtikan ditétélakeun ieu di handap.

- 1) Métode *Sugestopedia* nya éta métode pangajaran anu méré sugesti ka siswa ku cara nyiptakeun kondisi jeung situasi diajar leuwih kondusif timimiti ngamotivasi pikiran (*Motivating Your Mind*), Meunangkeun Informasi

(*Acquiring The Information*), nalaah ma'na (*Searching Out The Meaning*), micu mémori (*Trigering The Memory*), meragakeun naon anu dipikanyaho (*Exhibiting What You Know*), jeung nu pamungkas ngaréflésikeun hasil diajar (*Reflecting How You've Learned*) anu diébréhkeun dina wangun nyaritakeun dongéng.

- 2) Kamampuh nyarita dongéng (ngadongéng) nya éta kaparigelan dina ngagunakeun basa, éksprési, jeung maham eusi anu aya dina dongéng. Dongéng anu dipake dina ieu panalungtikan nya éta dongéng sasakala anu judulna “*Si Kabayan Ngala Nangka, Gagak Jadi Hideung, Kuya Ngagandong Imahna, Cai Laut Jadi Asin, Selat Sunda, jeung Gunung Krakatau*”.

3.3 Tehnik Panalungtikan

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data bakal ditétlakeun saperti ieu di handap.

a. Téhnik Tés

Téhnik tés anu digunakeun dina ieu panalungtikan mangrupa tés lisan atawa tés nyarita, dimana siswa dititah nyaritakeun dongéng di hareupeun siswa séjén. Instrumén tés digunakeun pikeun ngukur kamampuh awal jeung kamampuh ahir hasil diajar nyarita dongéng. Tehnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta tés lisan. Tés anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tés awal jeung tés ahir. Tés awal digunakeun pikeun

mikanyaho kamampuh siswa dina nyarita dongéng saacan perlakuan, sedengkeun tés ahir digunakeun pikeun mikanyaho aya atawa henteuna peningkatan imajinasi jeung kaparigelan nyarita dongéng sanggeus dibéré stimulus mangrupa métode *Sugestopedia*.

b. Observasi

Téhnik obsérvasi dipaké pikeun niténan prosés pangajaran nyarita dongéng di jero kelas, anu dilaksanakeun ku panalungtik ngagunakeun métode *suestopedia*. Anu jadi observer dina ieu panalungtikan nya éta guru mata pelajaran basa Sunda di sakola.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Sajaba ti ngagunakeun paréntah anu mangrupa tés nyarita sangkan kapaluruh hasil nyarita siswa, data baris kapaluruh ngaliwatan téhnik observasi langsung ka kelas nalika prosés pangajaran lumangsung.

3.4.1 Tés Lisan

Hartina cara anu digunakeun nya éta paréntah sangkan siswa ngadongéng di hareupeun siswa séjén. Hal ieu dimaksudkeun pikeun ningali jeung ngukur kamampuh siswa dina nyarita dongéng (ngadongéng), ieu panalungtikan ngagunakeun instrumén mangrupa format meunteun nyarita dongéng saperti ieu di handap.

Tabel 3.1
Kisi-kisi kritéria anu diajén

No	Sasaran	Aspek
1	Basa	<ul style="list-style-type: none"> - Lafal - Lentong (tekanan, wirahma, randegan) - Kaéféktifan basa jeung Komunikatif henteuna basa.
2	Eusi	<ul style="list-style-type: none"> - Pamahaman kana eusi dongéng - Sistematika eusi dongéng
3	Téhnik/Sikep	<ul style="list-style-type: none"> - Réngkak jeung peta (pidangan bahana)

Tabel 3.2
Format Meunteun

Wasta :

Kelas :

Judul :

Sasaran	Aspek	Skala Nilai					Skor
		1	2	3	4	5	
Basa	Lafal						
	lentong (tekanan, wirahma, randegan)						
	basa éféktif tur komunikatif						
Eusi	pamahaman eusi						
	sistematika eusi						
Tehnik / sikep	réngkak jeung peta (pidangan bahan)						
Jumlah							

Keterangan:

Skor total keur tés nyarita dongéng nya éta 30. Skor éta hasil tina 6 x 5. Angka 6 ngagambarkeun jumlah aspék nu dinilai, sedengkeun 5 tina nilai idéal ti unggal aspék.

Déskripsi kritéria aspék-aspék kamampuh nyarita dongéng dijieun sangkan proses nganilai ka unggal aspék-aspék bisa kalaksana kalayan taliti jeung objéktif. Ieu di handap déskripsi kritéria aspék kamampuh nyarita dongéng nu aya dina format penilaian kamampuh nyarita dongéng:

1. Lafal
 - 5 = Lafal unggal sora basa bersih, jelas, euweuh kasalahan sampurna.
 - 4 = Euweuh kasalahan, teu mengpar jauh ngadeukeutan sampurna.
 - 3 = Aya saeutik kasalahan dina lafal.
 - 2 = Kasalahan dina lafal rada sering.
 - 1= Loba kasalahan
2. Lentong (tekanan, wirahma, randegan)
 - 5 = Lentong (tekanan, wirahma, jeung randeganna) sampurna.
 - 4 = Lentongna alus, teu mengpar jauh ngadeukeutan sampurna.
 - 3 = Aya saeutik lentong nu kurang merenah
 - 2 = Lentong nu teu merenahna rada sering.
 - 1= Loba lentong nu teu merenah.
3. Basa éféktif tur komunikatif
 - 5 = Basa nu dipakéna merenah, éféktif tur komunikatif .
 - 4 = Basa nu dipaké éféktif tur komunikatif ngadeukeutan sampurna.
 - 3 = Aya saeutik basa nu kurang éféktif jeung komunikatif.
 - 2 = Basa nu teu éféktif tur komunikatifna rada sering.
 - 1= Loba basa nu teu éféktif tur komunikatif.
4. Pamahaman eusi
 - 5 = Maham pisan kana eusi dongéng, luyu jeung dongéngna sampurna.
 - 4 = Maham kana eusi dongéng ngadeukeutan sampurna.
 - 3 = Aya saeutik bagéan nu rada teu paham.
 - 2 = Rada mineng teu pahamna.
 - 1= Teu maham kana eusi dongéng.

5. Sistematika eusi
 - 5 = Runtuyan eusi ngaguluyur ti mimiti nepi ka tungtung sampurna.
 - 4 = Eusi ngagguluyur ngadeukeutan sampurna.
 - 3 = Aya runtuyan nu rada teu nyambung (ngacak).
 - 2 = Rada loba runtuyan nu ngacak.
 - 1= Runtuyan carita dongéng pabaliut.

6. Réngkak jeung peta (pidangan bahan)
 - 5 = Réngkak jeung peta (pidangan bahan) alus pisan tur sopan.
 - 4 = Réngkak jeung peta (pidangan bahan) alus.
 - 3 = Aya saeutik réngkak jeung peta (pidangan bahan) nu teu ngepas.
 - 2 = Réngkak jeung peta (pidangan bahan) rada sering teu pas.
 - 1= Loba réngkak jeung peta (pidangan bahan) nu teu ngepas.

$$\text{Skor Akhir (Nilai)} = \frac{\text{Skor Anu Kahontal}}{\text{Skor Total}} \times \text{Skor Idéal (100)} =$$

3.4.2 Obsérvasi

Instrumén obsérvasi nu digunakeun dina ieu panalungtikan saperti ieu di handap.

Tabel 3.3

Pedoman Ovservasi

Poé, Ping :

No	Aktifitas	Prosés		Katerangan
		Aya	Henteu	
1	Ménta siswa sangkan maca, maham, jeung neuleuman eusi dongéng nu rék ditepikeun.			
2	Nitah ka siswa sangkan nyusun poko-poko pikiran keur dicaritakeun ngagunakeun basa nu luyu jeung bener.			
3	Nyetel musik instrumén “kacapi suling” keur mirig barudak			
4	Méré sugésti-sugésti positif anu aya kaitanna jeung pangajaran, sangkan siswa miboga kawani dina nyarita dongéng (ngadongéng)			
5	Guru nitah siswa nyarita dongéng (ngadongéng) bari merhatikeun lafal, lentong (tekanan, wirahma, randegan), maké nu basa éféktif tur kominikatif, pamahaman eusi, sistematika eusi, jeung téhnik pidangan (réngkak jeung peta).			

Obsérver,

.....

.....

3.5 Analisis Data

Data anu dikumpulkeun ti siswa mangrupa tés ngaliwatan instrumént panalungtikan ngawengku hasil diajar kamampuh awal (*pratést*) jeung kamapuh ahir (*posttest*) anu digunakeun pikeun nguji hipotésis. Ku sabab kitu, data perlu diolah jeung dianalisis luyu jeung kapentingan panalungtikan.

Kegiatan ngolah data mibanda tujuan pikeun ngolah data kotor jadi data bersih, sarta méré ma'na kana hasil panalungtikan. Kegiatan nganalisis jeung ngolah data ngawengku méré peunteun kana hasil tés nyarita, nyieun tabulasi data peunteun kana tabél distribusi frékuénsi peunteun tés. Nguji sipat data nya éta uji normalitas, uji homogénitas, uji Gain, jeung uji hipotésis. Kamampuh awal siswa kudu ditéangan pikeun nangtukeun gedéna pangaruh dipakéna *métode sugestopedia* dina pagajaran nyarita dongéng. Sarua henteuna kamampuh awal siswa katitén tina hasil ngolah jeung analisis data *pratést* di kelas nu ditalungtik (éksperimén). Langkah anu dilaksanakeun nya éta nguji sipat data, nguji sipat data ngawengku:

1. Uji Normalitas

Uji normalitas nya éta uji sipat data nu fungsina pikeun mikanyaho normal henteuna data populasi nu digunakeun dina panalungtikan. Dina ieu panalungtikan, uji normalitas ngaliwatan sababaraha léngkah, nya éta:

- a) Nangtukeun nilai panggedéna jeung pangleutikna
- b) Ngitung rentang (r) ngagunakeun rumus ieu dihandap:

$$r = \text{peunteun panggedéna-peunteun pangleutikna}$$

c) Nangtukeun jumlah kelas interval, kalawan rumus:

$$k = 1 + 3,3 \log N$$

d) Nangtukeun panjang kelas interval

$$P = \frac{r}{k}$$

e) Nyieun tabel frekuensi peunteun tés awal jeung tés ahir kalayan ngagunakeun tabél ieu di handap:

Tabél 3.4
Format Frékuensi Peunteun Pratés jeung Pascatés

No	Kelas Interval	f_i	x_i	x_i^2	$f_i x_i$	$f_i x_i^2$
1						
2						
Σ						

f) Ngitung rata-rata (mean) peunteun tés awal jeung tés ahir kalayan ngagunakeun rumus ieu di handap:

$$\bar{X} = \frac{\sum f_i x_i}{\sum f_i}$$

Keterangan:

- \bar{X} = rata-rata (mean)
- Σ = jumlah
- F_i = jumlah data
- X_i = nilai tengah

Mochamad Angga Surya Kusumah, 2012

Metode Sugestopedia Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuan Nyarita Dongeng

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

(Sudjana, 1992: 70)

g) Ngitung standar deviasi, carana nya éta

$$sd = \sqrt{\frac{n \sum f_i \cdot x_i^2 - (f_i \cdot x_i)^2}{n(n-1)}}$$

h) Ngitung frékuénsi obsérvasi jeung frékuénsi ékspéktasi. Carana nya éta:

(1) Nyieun tabél frékuénsi obsérvasi jeung frékuénsi ékspéktasi

Tabél 3.5
Format Frékuénsi Observasi jeung Frékuénsi Ékspéktasi Praténs jeung Pascaténs

Interval	O _i	BK Handap	BK Luhur	Z ₁	Z ₂	L	E _i	X ²
Σ								

(2)Nangtukeun O_i (frékuénsi obsérvasi)

(3)Nangtukeun batas kelas interval (bk)

(4)Ngitung Z_{itung} (transformasi normal standar bébas kelas)

$$Z = \frac{(bk - \bar{x})}{s}$$

Mochamad Angga Surya Kusumah, 2012

Metode Sugestopedia Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuan Nyarita Dongeng

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

(5) Nangtukeun Z_{tabel}

(6) Ngitung lega kelas interval

(7) Ngitung frékuénsi ékspéktasi, ku cara:

$$E_i = n \times L$$

(8) Nangtukeun nilai X^2 (chi kuadrat)

$$X^2 = \sum \frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$$

(Sudjana, 1992:273)

(9) Nangtukeun darajat kabébasan (dk)

$$dk = k - 3$$

(Sudjana, 1992:293)

(10) Nangtukeun harga X^2_{tabel}

(11) Nangtukeun normalitas ngagunakeun kritéria ieu di handap:

(a) Lamun $X^2_{itung} < X^2_{tabel}$, hartina data atawa populasi distribusina normal.

(b) Lamun $X^2_{itung} > X^2_{tabel}$, hartina data atawa populasi distribusina teu normal.

Sanggeus dilaksanakeun uji normalitas, tur data nu dihasilkeun normal, kagiatan nu satuluyna nya éta uji homogénitas varian nu fungsina pikeun nangtukeun uji paramétrik nu luyu.

2. Uji Homogénitas

Uji homogénitas nya éta uji sipat data nu fungsina pikeun mikanyaho varian populasi data nu diujikeun mibanda varian anu homogén atawa henteu. Léngkah-léngkah uji homogénitas nya éta:

Mochamad Angga Surya Kusumah, 2012

Metode Sugestopedia Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuan Nyarita Dongeng

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

a) Ngitung variasi (S^2) unggal kelompok

Variansi tés awal

$$S_1 = \frac{n \sum f_i x_i^2 - (f_i \cdot x_i)^2}{n(n-1)}$$

Variansi tés ahir

$$S_2 = \frac{n \sum f_i x_i^2 - (f_i \cdot x_i)^2}{n(n-1)}$$

(Sudjana, 1992: 95)

b) Ngitung harga variasi (F)

$$F = \frac{\text{Variasi anu leuwih gedé}}{\text{Variasi anu leuwih leutik}}$$

c) Ngitung derajat kabébasan (dk)

$$dk = n - 1$$

d) Nangtukeun harga $F_{\text{tabél}}$

e) Nangtukeun homogén henteuna data dumasar kana kritéria ieu di handap:

(1) Lamun $F_{\text{itung}} < F_{\text{tabél}}$ hartina variasi sampel homogén.

(2) Lamun $F_{\text{itung}} > F_{\text{tabél}}$ hartina variasi sampel teu homogén.

(Sudjana, 1992:250)

3. Uji Gain

Tujuan dilaksanakeunna uji gain nya éta pikeun nangtukeun naha aya béda anu signifikan antara hasil tés awal jeung hasil tés ahir. Hasil tina uji gain dipaké

salaku gambaran ngeunaan ngaronjat henteuna kamampuh siswa sabada digunakeunna metode *sugestopedia* dina pangajaran nyarita dongéng (ngadongéng) siswa kelas XI B3 taun ajaran 2011/2012. Léngkah dina uji gain nya éta ngagunakeun tabél ieu di handap:

Tabél 3.6
Format Uji Jumlah Rata-rata Peunteun

No	Ngaran Siswa	Peunteun Praté	Peunteun Pascaté	d	d ²
1					
2					
Σ					

4. Uji Hipotésis

Uji hipotésis dilaksanakeun ngaliwatan sababaraha léngkah, nya éta:

- a) Ngitung rata-rata (*mean*) tina béda antara peunteun tés awal jeung peunteun tés ahir. Rumusna nya éta:

$$Md = \frac{\sum d}{n}$$

- b) Ngitung darajat kabébasan (dk), rumusna nya éta:

$$dk = n - 1$$

- c) Ngitung jumlah kuadrat déviiasi, rumusna nya éta:

$$\sum x^2 d = \sum d^2 - \frac{(\sum d)^2}{n}$$

d) Ngitung t , rumusna nya éta:

$$t = \frac{Md}{\sqrt{\frac{\sum x^2 d}{n(n-1)}}}$$

Katerangan:

- t = tés signifikansi
- Md = rata-rata (*mean*) tina béda antara hasil tés awal jeung tés ahir
- $\sum x^2 d$ = jumlah kuadrat déviiasi
- n = jumlah subyék dina sampel

e) Nangtukeun ditarima henteuna hipotésis dumasar kana ieu kritéria, nya éta:

Nguji hipotésis ditingali tina hasil tés ahir kelompok nu ditalungtik (éksperimén). Kritéria anu digunakeun nya éta (H_1) ditarima (H_0) ditolak lamun $t_{itung} > t_{tabel}$ jeung (H_1) ditolak (H_0) ditarima lamun $t_{itung} < t_{tabel}$

3.6 Sumber Data

Sumber data mangrupa objék panalungtikan anu ku urang ditalungtik. Anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nya éta siswa kelas XI B3 SMA Pasundan 1 Bandung di jalan Balonggede No. 28 Bandung kalayan jumlah 44 urang.